

Edikasyon Espesyal Gid Enfòmasyon sou Pwosesis Jidisyè a



Delaware
Department of Education

Batiman John G. Townsend

401 Federal Street, Biwo 2

Dover, DE 19901

Telefòn: (302) 735-4210

Faks: (302) 739-2388

<https://education.delaware.gov/>

Resous pou Timoun Eksepsyonèl yo Jiyè 2023

Dokiman sa a disponib nan plizyè lang nan: <https://www.doe.k12.de.us/rightsandresolution>
Tanpri, kontakte Resous pou Timoun Eksepsyonèl yo si w bezwen yon tradiksyon adisyonèl.

APÈSI

Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo (IDEA) ak lwa Eta ki koresponn lan bay paran timoun andikape yo dwa pou yo mande yon odyans san patipri pou yon pwosedi jidisyè konsènan idantifikasiyon, evalyasyon oswa etablisman nan edikasyon pitit yo, oswa pou ba pitit yo yon edikasyon piblik gratis ki apwopriye (FAPE). Lekòl distri yo, lekòl endependan yo, ak lòt ajans piblik ki responsab pou bay timoun andikape edikasyon yo kapab mande yon odyans tou. Depatman Edikasyon Delaware (Depatman) administre sistèm odyans pou pwosedi jidisyè dapre IDEA ak règleman federal ak eta a. Depatman an te devlope dokiman pwosedi sa a pou enfòme paran yo, lekòl distri yo, lekòl endependan yo, ak lòt ajans piblik yo sou pwosesis odyans lan.

DEPOZE YON PLENT POU PWOSEDI JIDISYÈ

Yon paran oswa yon ajans piblik ki responsab pou bay timoun andikape yo edikasyon gendwa depoze yon plent pou pwosedi jidisyè. Odyans pwosedi jidisyè yo disponib pou nenpòt pwoblèm ki gen rapò ak idantifikasiyon, evalyasyon, oswa etablisman nan edikasyon yon timoun ki gen yon andikap, oswa bay timoun nan yon edikasyon piblik apwopriye gratis.

Yon plent pou pwosedi jidisyè dwe fèt alekri, siyen pa pati ki depoze 1 la, epi li dwe gen ladan:

- (1) Non timoun nan;
- (2) Adrès kote timoun nan rete;
- (3) Non lekòl kote timoun nan ale a;
- (4) Si timoun lan oswa jèn lan san kay (dapre Lwa McKinney-Vento Asistans pou Sanzabri), enfòmasyon kontak ki disponib pou timoun nan ak non lekòl kote timoun nan ale a;
- (5) Yon deskripsiyon sou nati pwoblèm nan, ki gen ladan obsèvasyon ki gen rapò; epi
- (6) Yon rezolisyon pwopoze pou pwoblèm nan, nan limit ou konnen ak disponibilite w.

Plent pou pwosedi jidisyè a dwe akize yon vyolasyon ki te fèt pa plis pase de (2) lane anvan dat paran an, lekòl distri a, oswa lekòl endependan an te konnen oswa te dwe konnen sou swadizan aksyon an ki fòme sous plent pou pwosedi jidisyè a. Sepandan, delè sa a pa aplike si paran an pa t kapab depoze yon plent pou pwosedi jidisyè a nan kad delè a paske lekòl distri a oswa lekòl endependan an te espesifikman fè fo deklarasyon pou di li te rezoud pwoblèm ki te fòme sous plent la, oswa lekòl distri a oubyen lekòl endependan an te kenbe pou li enfòmasyon li te oblige bay paran an.

Depatman an bay yon Fòmilè Plent pou Pwosesis jidisyè ak Demann Odyans sou Pwosesis jidisyè ak enstriksyon pou pati yo itilize lè y ap depoze yon plent sou pwosedi jidisyè a. Ou ka jwenn fòm sa a, ansanm ak lòt resous ki gen ladan règleman IDEA yo, règleman eta a, ak resulta etid ka yo sou Entènèt nan <http://www.doe.k12.de.us/rightsandresolution>. Moun k ap depoze plent lan ka kontakte tou (302) 735-4210 pou mande yo voye fòmilè an pa lapòs.

Moun ki ap depoze plent lan dwe siyen 1, epi li dwe pote 1 nan men, voye 1 pa lapòs, fakse 1 oswa voye 1 pa imèl bay:

Sekretè Edikasyon
Depatman Edikasyon Delaware
Bativan John G. Townsend
401 Federal Street, Biwo 2
Dover, DE 19901
Faks: (302) 739-4654
Imèl: dispute.resolution@doe.k12.de.us

Siyati elektwonik yo akseptab.

Pati ki depoze plent pou pwosedi jidisyè a responsab pou bay pati opoze a yon kopi plent lan an menm tan yo voye 1 bay Sekretè Edikasyon an.

Delè pou pati opoze a depoze yon repons pou plent lan epi bay avi sou ensifizans lan kòmanse lè pati opoze a resevwa plent lan. Se poutèt sa, li rekòmande pou pati ki depoze plent pou pwosedi jidisyè a livre pati opoze a yon kopi plent lan nan men, pa yon lèt rekòmande ak yon akize resepsyon. Voye 1 pa lapòs avèk yon akize resepsyon, oswa voye yon imèl avèk yon akize resepsyon, pou yo fè yon dosye pou akize resepsyon yo.

Kòm yon règ jeneral, moun ki pote plent lan pa ka souve pwoblèm ki pa endike nan plent lan nan odyans jidisyè a, sof si lòt pati a dakò.

NOMINASYON YON KOMITE ODYANS

Lè Depatman an resevwa yon plent pou pwosedi jidisyè, Biwo Sekretè Edikasyon an dwe voye plent pou pwosedi jidisyè a bay Gwoup Travay pou Resous Timoun Eksepsyonèl (Gwoup Travay ECR). Nan menm jou a oswa jou apre li resevwa 1 la, yo pral voye notifikasyon Depatman an te resevwa plent lan, ansanm ak yon kopi plent lan bay pati yo.

Anplwaye Gwoup Travay ECR yo dwe revize kritè nominasyon komite yo epi kontakte manm komite potansyèl yo pou konfime manm yo elijib ak disponib pou sèvi nan komite odyans yo ap nonmen an. Chak manm komite potansyèl yo dwe verifye, si yo nonmen pou sèvi nan panèl la, orè 1 ap pèmèt li ranpli devwa manm odyans li nan delè odyans lan.

Sekretè Edikasyon an, oswa reprezantan Sekretè a, dwe nonmen yon avoka, yon edikatè, ak yon pwofan, sou yon baz wotasyon, pou tande ka a nan men manm panel yo ki elijib e ki disponib pou sèvi.

Nan pifò sikontans, Sekretè Edikasyon an ap nonmen manm panel yo nan twa (3) jou ouvrab apre yo fin resevwa plent pou pwosedi jidisyè a. Yo kapab bay pi plis tan si genyen yon sikontans eksepsyonèl.

Depatman an dwe voye yon notifikasyon pa ekri sou nominasyon an bay manm panèl yo ak pati yo ak avoka yo, si yo reprezante. Notifikasyon pou pati yo dwe genyen enfòmasyon konsènan sèvis legal gratis ak bon mache, enfòmasyon sou medyasyon, ak dokiman ki rele [Pwosedi Pwoteksyon Delaware sou Dwa Paran ak Timoun Nan Edikasyon Espesyal](#) la.

KRITÈ NOMINASYON PANÈL LA

Yo nonmen manm panèl potansyèl yo nan yon komite odyans sou yon baz wotasyon nan lis manm panèl sètifye yo, dapre disponiblite manm nan pou sèvi, ak kapasite pou patisipe nan odyans lan an konfòmite ak delè IDEA.

Yon manm panèl lan pa kapab yon anplwaye Depatman an, lekòl distri a, lekòl endependan an oswa lòt ajans piblik ki enplike nan edikasyon oswa swen timoun nan. Yon moun ki otreman kalifye pou vin yon manm panèl lan pa vin yon anplwaye Depatman an, sèlman paske Depatman an peye manm nan pou l sèvi nan panèl la.

Yon manm panèl la pa gendwa gen yon enterè pèsònèl oswa pwofesyonèl ki ta an konfli ak objektivite li.

Yon manm panèl la dwe posede konesans ak kapasite pou l konprann dispozisyon IDEA, règleman federal ak Eta ki gen rapò ak IDEA, ak entèpretasyon legal IDEA pa tribunal federal ak Eta a.

Yon manm panèl la dwe posede konesans ak kapasite pou fè odyans yo, epitou pou fòmile ak ekri desizyon an akò ak pratik legal ki apwopriye, nòmal, an koperasyon ak konsiltasyon ak lòt ofisyel odyans ki nonmen nan komite odyans lan.

ADMISYON KONSEYE JIDISYÈ PRO HAC VICE

Avoka ki pa manm nan Bawo Delaware ka aplike pou yo admèt *pro hac vice* (se yon tèm ki vle di yo ajoute yon avoka nan yon ka nan yon jiridiksyon kote yo pa gen lisans pou pratique, pou avoka a pa pratique lalwa san otorizasyon) devan Depatman an pou reprezante yon paran, lekòl distri, lekòl endependan oswa lòt ajans piblik nan yon odyans jidisyè. Yon avoka k ap chèche admisyon dwe soumèt yon mosyon pa ekri bay Depatman an, atravè avoka Delaware, an akò ak egzijans Règ 72 Tribunal Siprèm Delaware, epi bay pati opoze a yon kopi mosyon an. Lè w ap soumèt mosyon an, avoka a dwe tache tou yon chèk ki fèt pou Tribunal Siprèm Delaware la dapre barèm frè aktyèl la. Lè Depatman an resevwa chèk la, li pral depoze l nan fon enskripsyon Tribunal Siprèm Delaware.

Depatman an pral pran desizyon san pèdi tan sou mosyon an epi li pral pran yon desizyon pa ekri pou notifye pati yo ak Depatman an sou admisyon *pro hac vice* lan. Si yo akòde admisyon *pro hac vice* la, Depatman an ap voye desizyon pa ekri a bay Tribunal Siprèm Delaware. Avoka k ap chèche admisyon yo dwe respekte egzijans Règ 72 Tribunal Siprèm Delaware lan.

DEFI SOU ENSIFIZANS YON PLENT PWOSEDI JIDISYÈ

Yo dwe konsidere plent pou pwosedi jidisyè a ase sòf si pati k ap resevwa plent pou pwosedi jidisyè a fè komite odyans lan ak pati opoze a konnen pa ekri, nan lespas kenz (15) jou kalandriye apre yo fin resevwa plent lan, pati k ap resevwa kwè plent pou pwosedi jidisyè a pa gen ladan kontni obligatwa yo.

Nan senk (5) jou kalandriye apre yo resevwa avi ensifizans lan, komite odyans lan dwe detèmine, pa rapò ak plent ki gen dwa a yon odyans Jidisyè, si li genyen kontni ki nesesè yo.

Yon pati pa gen okenn dwa pou l reponn avi ensifizans lan, ni yon pati pa kapab konplete plent pou odyans lan pou anpeche komite odyans lan deside sou sifizans plent lan. Komite odyans lan dwe pran yon desizyon sou plent pou pwosedi jidisyè a epi bay yon desizyon.

Si komite odyans lan detèmine plent pou odyans lan pa ase, panèl la ta dwe idantifye kijan plent lan pa ase a. Komite odyans lan ka mande pati ki fè depo a pou l amande plent pou pwosedi jidisyè a nan yon peryòd tan rezonab.

AMANDMAN PLENT POU PWOSESIS JIDISYÈ A

Yon pati ka amande plent pou odyans la, men se sèlman si pati opoze a dakò pa ekri pou amannman an epi yo ba li opòtinite pou rezoud plent amannman pou odyans la atravè yon reyinyon rezolisyon, oswa si komite odyans lan bay pèmisyon pou amannman an nenpòt ki lè pa pita pase senk (5) jou kalandriye anvan odyans lan kòmanse.

Si yo amande plent pou pwosedi jidisyè a, delè yo rekòmanse pou reyinyon rezolisyon an, pwosesis rezolisyon an, ak odyans sou pwosedi jidisyè a.

REPONS SOU PLENT POU PWOSEDI JIDISYÈ A

Lè paran an te depoze plent pou pwosesis la e si lekòl distri a oswa lekòl endependan an pa t deja voye yon avi alekri davans jan sa defini nan 34 C.F.R. § 300.503 ak 14 DE Kòd Administratè § 926.3.0, lekòl distri a oswa lekòl endependan dwe, nan espas dis (10) jou kalandriye apre yo fin resevwa avi sou plent pou pwosedi jidisyè a, voye yon respons alekri bay paran an k ap gen ladann:

- (1) Yon eksplikasyon pa ekri sou rezon ki fè lekòl distri a oswa lekòl endependan an te pwopoze oswa te refize pran aksyon ki te soulve nan plent pou pwosedi jidisyè a;
- (2) Yon deskripsyon ekri kèk lòt opsyon ekip IEP a te konsidere ak kèk rezon ki fè yo te rejte opsyon sa yo;
- (3) Yon deskripsyon chak pwosedi evalyasyon, evalyasyon, dosye, oswa rapò lekòl distri a oswa lekòl endependan an alekri te sèvi kòm sous pou aksyon yo pwopoze oswa refize; epi
- (4) Yon deskripsiyan lòt faktè yo alekri ki gen rapò ak aksyon lekòl distri a oswa lekòl endependan an pwopoze oswa refize. *Gade*, 34 C.F.R. § 300.508(e)(1); 14 Kòd Administratè DE § 926.8.8.

Lè yo reponn plent lan, lekòl distri a oswa lekòl endependan pa anpeche konteste sifizans plent lan.

Si lekòl distri a oswa lekòl endependan te depoze plent pou pwosesis la, paran an dwe, nan lespas dis (10) jou kalandriye apre yo te resevwa avi sou plent lan, voye yon respons pa ekri bay lekòl distri a oswa lekòl endependan an ki abòde pwoblèm ki te soulve nan dat la pwosesis plent lan.

PWOSESIS REZOLISYON

Anvan odyans jidisyè a fêt, pati yo gen yon opòtinite pou rezoud plent lan atravè yon reyinyon rezolisyon. Objektif reyinyon rezolisyon an se pou paran an diskite sou plent pou odyans jidisyè a ak enfòmasyon ki fòme plent lan pou lekòl distri a oswa lekòl endepandan an gen opòtinite pou rezoud konfli a.

Lekòl distri a oswa Lekòl endepandan an dwe konvoke yon reyinyon rezolisyon nan lespas kenz (15) jou kalandriye apre yo fin resevwa plent paran an pou pwosedi jidisyè a. Reyinyon rezolisyon sa a fêt pandan peryòd rezolisyon an. Peryòd rezolisyon an se yon peryòd trant (30) jou apre w depoze yon plent pou yon pwosedi jidisyè, men anvan kòmansman karannsenk (45) jou odyans lan. Delè karannsenk (45) jou odyans lan kòmanse apre peryòd rezolisyon an e se tan ki pèmèt pou odyans lan ak pou komite a bay yon desizyon.

"Jou" vle di jou kalandriye. Kidonk, lekòl distri yo ak lekòl endepandan yo pa ka sispann delè pou konvoke yon reyinyon rezolisyon pandan lekòl yo fèmen pou repo oswa jou ferye.

Reyinyon pou rezolisyon an gen ladan 1 paran an ak manm enpòtan ki nan ekip IEP timoun nan ki gen konesans espesifik sou enfòmasyon yo idantifye nan plent pou pwosedi jidisyè a. Paran an ak lekòl distri a ak lekòl endepandan an detèmine manm ki enpòtan nan ekip IEP a pou patisipe nan reyinyon an. Reyinyon an dwe genyen tou yon reprezantan lekòl distri a oswa lekòl endepandan ki gen otorite pou pran desizyon. Reyinyon an ka gen ladann konsèy legal pou lekòl distri a oswa avoka lekòl endepandan an, men sèlman si paran an akonpaye pa yon avoka.

Lè lekòl distri a oswa lekòl endepandan an depoze plent pou pwosedi odyans jidisyè a, yon reyinyon rezolisyon pa obligatwa. Delè karannsenk (45) jou kalandriye pou bay yon desizyon final la kòmanse jou apre paran an resevwa plent lan.

Reyinyon rezolisyon an obligatwa, epi pa gen okenn dispozisyon regilasyon ki pèmèt yon paran, yon lekòl distri oswa yon lekòl endepandan pou renonse ak reyinyon rezolisyon an yon mannyè inilateral. Paran an ak lekòl distri a oswa lekòl endepandan an ka evite reyinyon rezolisyon an sèlman si:

- (1) Tou de pati yo dakò pa ekri pou renonse ak reyinyon rezolisyon an. Se lekòl distri a oswa lekòl endepandan ki konvoke yon reyinyon rezolisyon konsènan plent pou pwosedi jidisyè a. Li bay yon opòtinite pou diskite sou plent lan ak lekòl la, epi li ba lekòl la yon chans pou rezoud diskisyon an.

Oubyen;

- (2) Tou de pati yo dakò pou yo sèvi ak pwosesis medyasyon an pito. Se Patnenarya Edikasyon Espesyal pou rezolisyon amikal nan konfli nan Univèsite Delaware (SPARC) ki ofri medyasyon an. Medyasyon se yon fason volontè pou rezoud diskisyon e se yon moun ki kalifye e ki san patipri ki fòme nan estrateji ki ede moun jwenn yon akò sou pwoblèm difisil. Medyasyon se yon fason volontè pou amelyore diskisyon e se yon moun ki kalifye e ki san patipri ki fòme nan estrateji ki ede moun jwenn yon akò sou pwoblèm difisil. Yo bay medyasyon gratis, men tou de paran yo ak lekòl la dwe dakò pou yo eseye medyasyon anvan yo mete li an plas. Yo pa ka itilize medyasyon an pou retade dwa yon paran genyen a yon pwosedi jidisyè.

Si lekòl distri a oswa lekòl endepandan an pa rezoud plent pou pwosedi odyans jidisyè a pou satisfaksyon paran an nan trant (30) jou kalandriye apre li resevwa plent lan, karannsenk (45) jou kalandriye odyans lan kòmanse.

Delè karannsenk (45) jou kalandriye a kòmanse tou jou apre youn (1) nan evènman sa yo:

- (1) Tou de pati yo dakò pa ekri pou renonse ak reyinyon rezolisyon an;
- (2) Apre swa medyasyon an oswa reyinyon rezolisyon an kòmanse, men anvan fen peryòd rezolisyon trant (30) jou kalandriye a, pati yo dakò pa ekri pa gen okenn akò posib; oswa
- (3) Si toulède pati yo dakò pa ekri pou kontinye medyasyon an nan fen peryòd rezolisyon trant (30) jou kalandriye a, men apre, paran an, lekòl distri a, oswa lekòl endepandan an retire tèt li nan pwosesis medyasyon an.

Si lekòl distri a oswa lekòl endepandan an pa fè reyinyon rezolisyon an nan espas kenz (15) jou kalandriye apre yo fin resevwa avi sou plent paran an sou pwosedi odyans jidisyè a, oswa si li pa patisipe nan reyinyon rezolisyon an, paran an ka chèche entèvansyon nan men komite odyans lan pou 1 kòmanse karannsenk (45) jou odyans lan.

Si paran an refize patisipe nan reyinyon rezolisyon an, li pral retade delè pou pwosesis rezolisyon an ak odyans jidisyè a jiskaske reyinyon an fèt. Si lekòl distri a oswa lekòl endepandan an pa kapab jwenn patisipasyon paran an nan reyinyon rezolisyon an, lekòl distri a oswa lekòl endepandan an dwe kontinye fè ak dokimante efò rezonab pandan tout rès peryòd trant (30) jou kalandriye rezolisyon an pou konvenk paran an pou patisipe nan reyinyon an. Si nan fen peryòd trant (30) jou kalandriye pou rezolisyon an, lekòl distri a oswa lekòl endepandan an toujou pa kapab konvenk paran an pou 1 patisipe, lekòl distri a oswa lekòl endepandan an ka mande komite odyans lan pou rejte plent paran an pou pwosedi odyans jidisyè a.

Lekòl distri yo ak lekòl endepandan yo dwe dokimante tantativ yo pou asire patisipasyon paran yo nan reyinyon rezolisyon yo menm jan yo mande yo pou yo dokimante tantativ yo pou enplike paran yo nan reyinyon ekip IEP yo. Espesifikman, lekòl distri yo ak lekòl endepandan yo dwe kenbe yon dosye sou tantativ yo, tankou:

- (1) Dosye detaye sou apèl telefòn yo te fè oswa eseye ak rezulta yo nan apèl sa yo;
- (2) Kopi korespondans yo voye bay paran an ak nenpòt repons yo resevwa; epi
- (3) Dosye detaye sou vizit yo te fè nan kay paran an oswa kote yo travay ak rezulta vizit sa yo.

Lekòl distri yo ak lekòl endepandan an dwe voye bay responsab lan yon kopi tout korespondans ekri yo voye bay paran ki ofri paran an reyinyon rezolisyon an.

Si yo jwenn yon rezolisyon pou diskisyon an nan reyinyon rezolisyon an, pati yo dwe siyen yon akò legal obligatwa paran an ak yon reprezantan lekòl distri yo ak lekòl endepandan an ak yon otorite ki gen pouvwa angaje lekòl distri a oswa lekòl endepandan an. Akò a dwe aplike tou nan nenpòt tribinal Delaware ki gen jiridiksyon konpetan oswa nan yon Tribinal Distrik Etazini. Paran an, lekòl distri yo ak lekòl endepandan yo gen yon peryòd revizyon epi yo ka anile akò a nan twa (3) jou ouvrab apre yo siyen li.

KARANNSENK JOU KALANDRIYE POU PERYÒD ODYANS LAN

Komite odyans lan dwe fè odyans lan epi bay yon desizyon final pa ekri nan karannsenk (45) jou kalandriye apre fen peryòd rezolisyon an.

Komite odyans lan, pou yon bon rezon, ka bay yon ti tan anplis sou tan espesifik la si ou menm oswa lekòl la mande sa. Lè yo bay yon pwolonjman espesifik, komite odyans lan dwe dokimante dosye a epi fè pati yo konnen pa ekri:

- (1) yon mosyon pou ekstansyon pa youn (1) oswa toude pati;
- (2) bon rezon pou pwolonje delè odyans lan ki baze sou obsèvasyon espesifik; epi
- (3) peryòd la nan ekstansyon an dwe ak anpil atansyon limite pou li pa depase yon tan rezonab.

DWA POU ODYANS

Pati yo jwi sèten dwa pandan tout pwosesis odyans lan. Paran an, lekòl distri a, ak lekòl endependan an gen dwa pou:

- (1) Reprezante epi konseye pa yon avoka oswa pa yon moun ki gen konesans espesyal oswa fòmasyon sou timoun ki gen andikap;
- (2) Prezante prèv, kontregzamen temwen yo, epi fòse temwen yo asiste atravè sitasyon;
- (3) Fè tout temwayaj yo resevwa nan odyans lan bay sou sèman oswa afimasyon;
- (4) Sekèst ak temwen separe;
- (5) Entèdi entwodiksyon nenpòt prèv ki pa divilge o mwen senk (5) jou ouvrab anvan odyans lan;
- (6) Jwenn yon transkripsyon odisyon an pa ekri oswa elektwonik san frè;
- (7) Benefisyé yon entèprèt, si nenpòt pati nan odyans lan gen yon pwoblèm pou tande oswa lòt difikilte pou kominike, oswa lang natif natal li pa anglè;
- (8) Jwenn yon desizyon pa ekri oswa elektwonik nan men komite odyans lan, ki gen ladann konklizyon obsèvasyon ak konklizyon lwa, gratis.

Paran ki patisipe nan odyans lan gen plis dwa pou:

- (1) Fè timoun nan, ki se sijè odyans lan, prezan;
- (2) Yon odyans ki louvri oswa fèmen pou publik la;

- (3) Yon odyans ki fèt nan yon lè ak yon kote ki rezonab pou paran an ak timoun nan;
- (4) Enspekte epi revize nenpòt dosye edikasyon ki konsène timoun nan lekòl distri a oswa lekòl endependan an kenbe, enkli tout evalyasyon ak rapò, anvan odyans lan.

Tout kesyon konsènan dwa odyans yo ta dwe adrese a komite odyans lan nan konferans pre-odyans lan.

KISA K PASE NAN PWOSESIS ODYANS JIDISYÈ A

Tou depan de pwoblèm ki enplike yo, odyans lan ka pran youn (1) oswa plizyè jou pou fini. Depatman an ap bay kote pou odyans lan ak ekipman yo, ansanm ak yon repòtè pou transkri temwayaj. Depatman an ap fè aranjman pou kote odyans lan ap fèt ak prezidan panèl la. Komite odyans lan ap resevwa temwayaj nan men temwen, dokiman, ak nenpòt lòt prèv ki enpòtan. Pandan odyans lan, nenpòt temwayaj dwe prezante anba sèman oswa afimasyon.

Fado prèv la se sou lekòl distri a oswa lekòl endependan an.

DESIZYON ODYANS LAN AK DWA POU W FÈ APÈL

Apre odyans lan fini, komite a dwe bay yon desizyon pa ekri ki gen konklizyon obsèvasyon ak konklizyon lwa. Desizyon ekri a dwe bay nan karant-senk (45) jou kalandriye apre ekspirasyon peryòd rezolisyon trant (30) jou kalandriye a oswa peryòd tan ajiste yo. Desizyon komite odyans lan, sou si timoun nan te resevwa yon edikasyon piblik gratis, apwopriye, dwe baze sou rezon enpòtan. Si paran an te pretann lekòl distri a oswa lekòl endependan an te vyole egzijans pwosedi IDEA a, komite odyans lan ka jwenn timoun nan pa t resevwa edikasyon piblik gratis, apwopriye, men sèlman si vyolasyon pwosedi yo:

- (1) Anpeche dwa timoun nan pou yon edikasyon piblik gratis, apwopriye;
- (2) Siyifikativman antrave opòtinite paran an pou yo patisipe nan pwosesis pou pran desizyon konsènan bay timoun nan yon edikasyon piblik gratis, apwopriye; oubyen
- (3) Ta lakòz pitit ou a pa jwenn benefis edikasyon espesyal la.

Delaware konsidere kòm yon eta "yon sèl nivo". Nan lòt mo, li ofri yon (1) nivo revizyon administratif, ki fèt pa komite odyans pou pwosedi odyans jidisyè a oswa ofisiye odyans lan. Desizyon final odyans lan obligatwa pou tout pati yo sof si yo fè yon kontestasyon lè yo depoze yon aksyon civil nan Tribunal Distri Etazini oswa nan Tribunal Fanmi Eta Delaware. Ou dwe fè yon apèl nan tribunal la nan katrevendis (90) jou kalandriye apati dat desizyon final la. Tribunal yo ka bay plis enfòmasyon sou fason pou depoze yon aksyon civil.

Lè yo depoze yon aksyon civil pou chèche revizyon jidisyè yon desizyon odyans, Sekretè Edikasyon an, oswa reprezantan Sekretè a, pral (sou lòd tribunal la) sètifye epi depoze nan tribunal la dosye odyans administratif la, ki dwe gen ladann tout dokiman yo. soumèt, yon transkripsyon tout temwayaj, ak desizyon pa ekri komite odyans lan.

ETABLISMAN TIMOUN NAN PANDAN PWOSEDI A

Sòf si lekòl distri a oswa lekòl endependan an ak paran yo dakò otreman, timoun ki enplike nan plent lan dwe rete nan etablisman edikasyon aktyèl la pandan tout pwosedi administratif oswa jidisyè ki annatant konsènan yon plent pou pwosedi odyans jidisyè. Si plent pwosedi odyans jidisyè a enplike premye admision nan yon lekòl piblik, yo dwe mete timoun nan, avèk konsantman paran 1, nan pwogram lekòl piblik la jiskaske tout pwosedi yo fini.

Si plent pou pwosedi jidisyè a enplike yon aplikasyon pou premye sèvis la anba Pati B IDEA a soti nan yon timoun k ap fè tranzisyon soti nan Pati C IDEA a pou ale nan Pati B IDEA epi ki pa kalifye ankò pou sèvis Pati C paske timoun nan gen twa (3) zan, lekòl distri a oswa lekòl endependan an pa oblige bay sèvis Pati C timoun nan ap resevwa yo. Si yo jwenn timoun nan elijib daprè Pati B IDEA a epi ou dakò pou timoun nan resevwa edikasyon espesyal ak sèvis ki asosye pou premye fwa, annatandan rezulta pwosedi a, lekòl la dwe bay edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak sa yo ki pa nan diskisyon (sa vle di, sa ou menm ak lekòl la dakò sou yo).

Finalman, si komite odyans lan dakò ak paran an yon chanjman etablisman apwopriye, yo pral trete nouvo etablisman an kòmsi se te li paran an ak lekòl distri a oswa lekòl endependan an dakò pou yo deside etablisman edikasyon timoun nan pandan nenpòt pwosedi jidisyè ki gen rapò ak plent lan.

PLENT POU PWOSEDI JIDISYÈ AKSELERE

Nan kèk sikontans, yon paran ka depoze yon plent pou pwosedi jidisyè epi resevwa yon odyans rapid. Si, pa egzanp, yon paran pa dakò ak yon desizyon manifestasyon, oswa paran an kwè lekòl distri a oswa lekòl endependan an pa respekte sèten pwosedi transfè disciplinè, yo ka mande yon odyans jidisyè akselere.

Yon lekòl distri oswa yon lekòl endependan ka mande tou yon odyans rapid si lekòl distri a oswa yon lekòl endependan kwè kenbe etablisman aktyèl timoun nan riske lakoz timoun nan blese nan oswa lòt moun blese.

Pwosedi odyans jidisyè akselere yo sanble anpil ak odyans regilye yo e yo kòmanse lè yo depoze yon plent pou pwosedi odyans jidisyè. Sepandan, odyans jidisyè akselere yo tandem pa yon sèl ofisyè odyans Depatman an nonmen, olye de yon panèl twa (3) manm. Anplis de sa, odyans lan dwe fèt nan ven (20) jou lekòl apre dat plent lan depoze nan Depatman an. Yo pa ka bay okenn pwolongasyon. Ofisyè odyans lan dwe pran yon desizyon dis (10) jou lekòl apre odyans lan fini. Pa gen okenn kondisyon pou yo depoze yon repons apre pati opoze a resevwa yon plent akselere pou pwosedi odyans jidisyè akselere.

Nan yon odyans jidisyè akselere, pati yo jwenn yon peryòd rezolisyon pou rezoud plent lan. Sepandan, delè yo pi kout. Lekòl distri a oswa lekòl endependan an dwe konvoke yon reyinyon rezolisyon nan sèt (7) jou kalandriye apre yo fin resevwa avi sou plent pou pwosedi an, sòf si paran an ak lekòl distri a oswa lekòl endependan an dakò, pa ekri, anile reyinyon rezolisyon an oswa itilize medyasyon pito. Pwosedi odyans jidisyè akselere a kapab kontinye amwenske pwoblèm nan te rezoud ak satisfaksiyon tou de pati yo nan kenz (15) jou kalandriye apre yo te resevwa plent pou pwosedi a.

Nan yon odyans akselere, ofisyé odyans lan ka:

- (1) Retounen timoun lan nan etablisman kote yo te retire timoun lan si ofisyé odyans lan detèmine konpòtman timoun nan se yon manifestasyon andikap timoun nan, oswa retire l se yon vyolasyon sèten règ transfè disciplinè; oubyen
- (2) Bay lòd pou yon chanjman plasman nan yon etablisman aprantisaj altènatif pwovizwa ki apwopriye pou jiska karannsenk (45) jou lekòl si ofisyé odyans lan detèmine kenbe etablisman aktyèl timoun nan gen anpil chans pou lakòz timoun nan oswa lòt moun blese.

Yon pati ka fè apèl kont desizyon an nan yon pwosedi odyans jidisyè akselere menm jan ak desizyon nan odyans regilye yo.

Lè yon paran, yon lekòl distri, oswa yon lekòl endependan te depoze yon plent pou yon pwosesis odyans akselere, timoun nan dwe rete nan anviwònman edikasyon altènatif pwovizwa a ann atandan ofisyé odyans lan pran yon desizyon (sòf si paran an ak lekòl distri la oswa lekòl endependan an te dakò ak yon lòt aranjman).

SANSIBILIZASYON PIBLIK

Depatman an distribye dokiman pwosedi odyans jidisyè a bay Konsèy Konsiltatif Gouvènè a pou Sitwayen Eksepsyonèl yo, Sant Enfòmasyon pou Paran yo, paran yo, lekòl distri yo, lekòl endependan yo, ak lòt ajans piblik ki responsab edikasyon timoun andikape yo, jan yo mande yo. Depatman an kolabore ak Sant Enfòmasyon pou Paran nan Delaware, Inc., ak Patenarya Edikasyon Espesyal Univèsite Delaware pou Rezolisyon Amikal Konfli (SPARC), nan Pwogram Rezolisyon Konfli (CRP) pou asire sansibilizasyon sou pwosedi sa yo. Depatman an asire tout pwosedi sa yo afiche sou sitwèb Depatman an, anplis desizyon odyans pou pwosedi legal yo sansire.